



SUMATIF TENGAH SEMESTER (STS) GANJIL
SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS"
TAHUN AJARAN 2024 – 2025



Nama Peserta :
Kelas :
Nomer Peserta :

Pilihlah salah siji jawaban sing bener

Wacanan wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 1-3!

Dhek dina Minggu aku karo kanca-kancaku nganakake pesiran menyang Pantai Serang. Pantai Serang dumunung ing desa Serang, Kecamatan Panggungrejo, Kabupaten Blitar, Provinsi Jawa Timur. Pantai Serang mujudake pantai sing kahanane isih alami, ing sakiwa tengene kebak tetanduran lan wit-witan kag njalari hawane seger, edhum lan nengsemake ati. Mulane cocog banget kanggo papan rekreasi keluarga. Krana akehe wit-witan cemara kang katn edhum, kita cukup nggawa klasbanjur dibeber ing sangisore wit kena kanggo leren. Apa maneh nalika ketambahan sumiliring angin kang tumiyupsaka dayaning alun (ombak) banyu segara bisa nambahi tentreming ati.

Kajaba ndeleng kaendahaning alam ing sangisore wit-witan kang edhum, ing pantai Serang nduweni konservasi penyu ing sajroning kala mangsa diumbar utawa diculake ing segara. Nalika aku pas plesiran ing pantai Serang ora kurang saka 100 penyu sisik diculke menyang segara.

Sapa wae sing kepengin plesir menyang Pantai Serang gampang banget. Saka kutha Blitar mbutuhake wektu kurng luwih 90 menit, lewat Lodoyo, terus tumuju arah Panggung banjur bisa tekan pantai Serag. Saka Lodoyo wis ana papan pituduh arah sing nuduhake dalan tumuju Panggungrejo, semono uga ing sadawane dalan uga ana tulisan sing nuduhake dalan tumuju pantai serang.

1. Irah-irahan utawa judhul sing cocog kanggo wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Kaendhahan Pantai Serang
 - B. Ndandhani Pantai Serang
 - C. Kerja bakti ing Pantai Serang
 - D. Pengin menyang Pantai Serang
2. Yen dideleng saka isine karangan ing dhuwur awujud karangan
 - A. Narasi
 - B. Persuasif
 - C. Dheskripsi
 - D. Argumentasi

3. Adhedhasar struktur tek pada katelu kalebu
- A. Idhidentifikasi
 - B. Klarifikasi
 - C. Orientasi
 - D. Panutup

Pilih jawaban sing bener ! (Pilihan jawaban luwih saka siji)

Wacanen wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal no 4-7!

Jatim Park 2 mujudake papan wisata ing kutha Batu sing dununge ing sacedhake Jatim Park 1 mun kurang luwih 1 km. Dene alamat ing Jalan Oro – ro Ombo No. 9 Kota Batu Jawa Timur. Dalan tumuju menyang Jatim Park 2 gampang banget, kajaba dalane aspal alus lan mulus saenggon-engon akeh ditekokake pituduh dalan sing nuduhake marang lokasi kasebut. Kanggo tumuju tekn lokasi kejaba nggunakake kendharaan pribadi uga bisa nggunakake kendharaan umum, saka terminal Arjosari golek angkot urusan Landungsari. Sabanjure numpak maneh angkot BI jalure Batu-Jurejo-Lndungsari mudhun ing Jtim Park 2.

Fasilitas sing ana Jatim Park 2 komplit banget, kayata papann parkir sing jembar, musholla restoran ppan dolanan kanggo bcah-bocah cilik, punjere oleh-leh khas Batu, papan palereman sing kepenak, lan sapanunggalane. Wahana kang sumadiya ing Jatim Park 2, yaiku Batu Secret Zoo, Museum Satwa, Eco Green Park, lan Sweet Memories Selfie

Batu Secret Zoo mujudake icon ing Jatim Park 2 sing mbane 14 hektar, Ing kono bisa dideleng maneka warna jinise kewan kanthi pirang-pirng tema, yaiku donyane macan, maneka warna kewan geremetan, papan dolanane bocah cilik, kewan-kewan alasan, donyane iwak, panggonan ara-ara donyane kethekutawa monyet, ewan-kewan mamali, ln maneka jenis manuk.

Museum satwa sing ana Jatim Park 2 kalebu museum tatanan internasional sing nduweni koleksi kewan kang jangkep lan cara pangupkarane wis modern. Menawa ing Batu Secret Zoo maneka warnane kewan-kewan sing diawetake. Koleksi sing ana ing museum satwa yaiku : kewan-kewan galak, maneka warna jinise unggas, kewan banyu, reptile, kupu, lan maneka warna jinise kewan purba.

Nalika tekan ing wahana Eco Green Park uga nyenengake banget, jalaran ing kene kene saora-orane bisa ndeleng 7 jinis atraksi sing disediyakake, kayata ocephane manuk beo, carane ngolah limbah. Pasinaon ngenani sejarah kahanan lingkungan, omah kuwalik, maneka warna jinise manuk merak, panggonan kanggo renang bocah-bocah cilik, lan liya-liyane.

Sing ora kalah nyenengake mneh yiku ing Sweet Memories Selfie jalam ing papan kono mujukake panggonan kanggo foto-foto selfi kthi tema-tema sing nyenengake. Mulane nalika mlebu ing ruwangan iki kudune dicepakake kamera utawa kamera HP sing bateraine kabeh. Ing biyen nganti sakiki.

Tumrap sapa wae sing durung plesir menyang Jatim Park 2 ayo padha ngajak kanca, dulur lan keluarga supaya. Aja nganti ketinggalan , Jatim Park 2mujudake wisata edukasi sing ngajarake maneka warnane ilm pengetahuan mligine bab lingkungan alam, satwa, budaya lan liya-liyane.

4. Kendharaan sing bisa digunakake kanggo tumuju menyang Jatim Park 2 yaiku
- A. Sepur mini
 - B. Mobil pribadi
 - C. Sepedhah motor
 - D. Bis umum

5. Indhentifikasi sing diandharake jroning teks ing dhuwur yaiku

- A. Jatim Park 2 ora ana sesambungane karo Jatim Park 1
- B. Jatim Park 2 panggonane ing sacedhake Jatim Park 1
- C. Dalan tumuju menyang Jatim Park 2 mulus lan penak
- D. Wis ana kendharaan umum tumuju menyang Jatim Park 2

6. Wenehana tandha centhang (✓) prateln ing ngisor iki bener utawa salah

No	Pratelan / Pernyataan	Cocog	Ora Cocog
A.	Yen pengin ndeleng macan bisa wahana Batu Secret Zoo		
B.	Biasane foto-foto ing wahana Secret Memories Selfie		
C.	Ing wahana Eco green Park bisa ndeleng carane ngolah limbah		
D.	Ing wahana Museum Satwa bisa ndeleng jinise kewan-kewan galak		

7. Wenehana tandha centhang (✓) prateln ing ngisor iki bener utawa salah

No	Pratelan / Pernyataan	Cocog	Ora Cocog
A.	Alamat Jatim Park 2 ing Jalan Or-Oro Ombo No. 9 Kota Batu		
B.	Ing wahana Batu Secret Zoo bisa ndeleng kewan-kewan sing isih urip		
C.	Yen ndeleng kewan-kewan sing diawetake ing wahana Museum Satwa		
D.	Nalika ing wahana Eco Green Park ora diolehi foto-foto selfi		

Jodhokna karo pratelann/pernyataan sing cocog!

Wacanen wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 8 – 10!

Gunung Bromo yaiku sawijining obyek wisata gunung ing Jawa Timur sing banget nengsemake tumrap para wisatawan dhomeistik lan wisatawan saka manca negra. Gunung Bromo dumunung ing wilayah pamarentahan propinsi Jawa Timur kang dumadi saka patang wilayah, yaiku kabupaten Probolinggo, Pasuruan, Lumajang lan Malang. Dhuwure gunung Bromo yaiku 2.392 meter saka lemahe segara. Gunung Bromo minangka objek wisata kang wis misuwur ing saindenging donya didadekake icon wisata dening pamarentah Propinsi Jawa Timur.

Gunung Bromo tansah dadi papan kang nyenengake jalaran duwe pemandhangan kang ora tinemu ing panggonan liya. Gunung Bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi, misuwur anane sunrise sig saben-saben dienteni dening para wisatawan ing pucuke gunung Bromo katon kawah sing ajeg nyemburake geni lan kukus, nduweni dhiameter kurang luwih 800 meter yen diukur saka arah lor nganti sisih kidul, lan kurang luwih 600 meter saka arah wetan nganti pinggire kawah sisih kulon. Ana papan sing dianggep mbabayani tumrape pengunjung yaiku papan radius 4 kilometer saka kawah.

Obyek wisata Gunung Bromo klebu wewengkon Taman Nasional Bromo Tengger Semeru. Tumuju menyang Gunung Bromo sing pling kepenak kawiwitan saka Penanjakan. Ing Penanjakan par wisatawan bisa ndeleng sunrise utawa prastawa mletheke srengenge sing sesawangane endah lan nengsemake. Sebanjure bisa nerusake laku menyang kawahe gunung, bisa mlaku bisa uga nyewa jaran utawa jeep supaya ora kesel. Nalika nglewati segara wedhi bisa ndeleng bangunan papan ibadahe suku Tengger sing nganut agama Hindu. Bangunan kasebu diarani Pura Luhur Poten.

8. Jodhokna sarana menehi tandha panah struktur teks karo keterangan utawa andharan sing cocog ing sisih tengene!

Idhentifikasi	Mujudake perangan sing isine ngenani dudutan lan pangajak sarta pesen pesen sing diandharake dening penulis
Klasifikasi	Mujudake dheskripsi utawa andharan sing luwih rinci ngenani pamerangan/pamanthaaan (pengelompokan) adhedhasar jinis lan obyek sing diandharake
Panutup	Mujudake andharan umum ngenani ciri-ciri utawa ijabatandha tandha barang lan papan padunungane panggonan sing diandharake.

9. Analisis ukara-ukara iki adhedhasar teks. Jodhokno sarana menehi tandha panah tumrap struktur teks karo andharan sing cocog ing sisih tengen!

Idhentifikasi	Gunung Bromo mujudake obyek wisata sing nengsemake banget kang mapan ing patang wilayah yaiku : kabupaten Probolinggo, Pasuruan, Lumajang lan Malang.
Klasifikasi	Sapa wae sing ngaku wong Jawa Timur kok durung tau menyang Bromo, kaya –kaya durung komplit anggone dolan. Mulane kudu dijajal plesir <u>menyang Bromo</u> .
Panutup	Obyek wisata Gunung Bromo klebu wewengkon Taman Nasional Bromo Tengger Semeru, Tumuju menyang Gunung Bromo sing paling kepenak kawiwitan saka Penanjakan.

10. Jodhokno sarana menehi tandha panah tumrap jenise tembung karo tembung – tembung sing cocog ing sisih tengen!

Tembung Aran	Objek Wisata
Tembung Kahanan	Nengsemake banget
Tembung Panggandheng	Jalaran seneng
Tembung Sesulih	Aku, Kowe Deweke

11. Jodhokno sarana menehi tandha panah tumrap swara jejeg lan swara miring karo tembung sing cocog ing sisih tengen!

Swara jejeg

Manca negara

Swara miring

Bisa deleng

12. Jodhokna sarana menehi tandha panah tumrap tatanan unggah ungguh basa karo ukara sing cocog ing sisih tengene !

Basa Ngoko Lugu

Kula mangke badhe sowan dhateng dalem Panjenengan

Basa Ngoko Alus

Kowe mengko aja kesusu mulih ya, ana masalah penting !

Basa Krama Lugu

Ngapuntèn kula wau nembe nedha wanten griya

Basa Krama Alus

Ingkang panjenengan asta punika bukunipun dhik Hadi

13. Sebutna ciri – cirine teks tanggapan ?

Pilihlah salah siji jawaban sing bener!

Wacanan wacan ing ngisor iki kanggo jawab soal nomer 14 – 16!

Sapa sing ora kenal karo tokoh agung Jenderal Sudirman? Saben warga Indonesia wis kenal, malah uga ana wis kondhang nganti tekn saindenging donya. Jenderal Sudirman mujudake pahlawan lan tokoh pejuang saka kalangan tentara. Malah, krana kawibawane lan wewatakane kang becik anggoné dadi pemimpin, mula panjenengane banjur dikenal minangka bapak TNI, Senajan ta ora saka lulusan akademi militer, nanging krana bakat, semangat, kedisiplinan, lan duwe rasa tanggung jawab kang gedhe anggoné berjuwang kanggo ngayuh kaardikan Indonesia, mula Jenderal Mujudake pemimpin kang gedhe ing kalangan angkatan perang negara Republik

Minangka Bapak TNI, Sudirman wis dadi motivator, idhola, lan kena dadi patuladhan tumrap para prajurit. Panjenengan mujudake priyayi sing disiplin, ulet, tegas, lan teguh kekarepane. Minangka bapak TNI panjenengane uga ora rumangsa gumedhe menawa olh tandha pangkat, bintang, lan tandha jasa liyane, nanging kabeh mau dilambari anane rasa semangat lan niat ati kang suci minangka dadi pejuang. Agemane uga ora nuduhake minangka dadi pahlawan agung, nanging mung ngegung udheng utawa blangkon lan ageman ijo khas tentara kanthi nyengkelit keris minangka gegaman kang dadi piandele. Panjenengane raket banget marang andhahane, sabar, adil, lan tansah ngayomi marang para andhahane. Kabeh iku mau mujudake kaluwihane Sudirman minangka pemimpin sing arang diduweni dening pemimpin-pemimpin liyane.

Akeh wong sing ora ngerteni menawa Sudirman iku mujude bocah desa sing kdu berjuwang ing sajroning “telung jaman” kathi kebak prihatin, urip prasaja (sedherhna), lan uga sregep ngibadah lan manambah mring Gusti. Kaya warga-warga liyane, jroning urip karang padesan kegiatane Sudirman saben dinane tansah ngaji lan uga sregep maca AL Qur’an. Sudirman wiwit cilik urip ing satengahe keluarga lan masyarakat Jawa minangka dadi muslim kang sregep nindakake ngibadah. Sabanjure bisa gesang dadi remaja lan pemudha ktivis lan dadi guru ing Persyikatan Muhamamdiyah ing Cilacap.

14. Isi baune pragraf kasiji roning teks ing dhuwur, yaiku
 - A. Sapa sing ora kenal karo tokoh agung Jenderal Sudiman?
 - B. Saben warga ing Indonesia mesthi kenal karo Sudirman
 - C. Sudirman mujudake tokoh pejuwang saka kalangan tentara
 - D. Sudirman iku sejatine dudu lulusan saka akademi militer
15. Ukara – ukara ing ngisor iki sing cocog karo isine teks ing ndhuwur yaiku
 - A. Sudirman anggone berjuwang kanggu njunjung derajate keluarga
 - B. Sudirman digedhekake saka kalangan kraton lan keluarga ningrat
 - C. Sudirman mujudake pahlawan lan pejuwang sing asale saka tentara
 - D. Sudirman iku mujudake lulusan paling becik saka akademi militer
16. Bab-bab sing bisa ditiru lan diteldhani saka teks tokoh idhola ing ndhuwur, yaiku
 - A. Idhentitase saka tokoh idhola
 - B. Wewatake tokoh sing prasaja
 - C. Lelakone tokoh sing rada rumit
 - D. Kalungguhan lan jabatane tokoh

Soal Pilihan Ganda Kompleks

Pilih jawaban sing bener! Pilih jawaban sing bener luwih saka siji kanggo soal nomer 17-19!

Ki Hajar Dewantara nalika isih cilik asmane Raden Mas Soewardi Soeryaningrat, miyos ngayogyakarta tanggal Mei 1889. Panjenengane tedhak turune keluarga kraton yaiku putra saka GPH Soeryaningrat lan wayahe (putune) Pakualam III. Nalika umur 40 taun banjur ganti asma Ki HajarDewantara knthi tujuwan supaya bisa nyawiji marang masyarkt.

Sawise namatake sekolah dhasar ing ELS (sekolah dhasar jamane Walana), banjur nerusake menyang STOVIA (sekolah dhokter Bumiputera), nanging amarga gerah panjenengane bisa namatake sekolahe. Sawise ngancik diwasa banjur nyambut gawe dadi wartawan pirang-pirangane surat kabar, kayata Sedyotomo, Midden Java, De Express, Kaoem Moeda, lan sapanunggal. Taun 1908 ngedegake pakumpulan Boedi Oetomo kanggo nggugah apadene nukulake semlan angkat lan kesadharane rakyat Indonesia kanthi tansah ajak-ajak lan ngumandhangake semangat persatuan lan kesatuan.

Semangat perjuangan Ki Hajar Dewantara tansaya ndadra, buktine taun 1913 ndhapuk Komite Boemiputera nganti wani ngitik pemeritahanWalanda nalikane nganakake pengetan 100 taun kebebasan Walanda saka panjajahan Perancis.

Kapribaden lan lelabhane ing donaning pendhidhikan gedhe banget. Dhek tanggal 3 Juli 1922 ngedegake Perguruan Nasional Taman Siswa. Ya krana gedhene lelabhane ing donyane pendhidhikan Ki Hajar Dewantara diangkat dadi Menteri Pendhidhikan, Pengajaran dan Kebudayaan kang kapisan, nganti tanggal kelairane 2 Mei saben-saben taun dipengeti minangka dadi Hari Pendidikan Nasional.

17. Pratélan ing ngisor iki sing cocog karo tokoh Ki Hajar Dewantara, yaiku
- Ki Hajar Dewantara nalikane isih cilik asmane Raden Mas Soewardi Soeryaningrat
 - RM. Soewardi Soeryaningrat nalika umur 40 taun banjur ganti asma Ki Hajar Dewantara
 - RM. Soewardi Soeryaningrat mung duwe pepenginan aktif ing organisasi sosial politik wae
 - Krana gedhene lelabuhan Ki Hajar Dewantara banjur diangkat dadi menteri pendhidhikan
18. Ki Hajar Dewantara tau nymbut gwe dadi wartawan ing surat kbar, yaiku
- Boedi Oetomo
 - Sedyotomo
 - Midden Jawa
 - Kaoem Moeda
19. Temtokno bener apa salah keadean lan masalah sing dialami dening tokoh jroning teks ing ndhuwur. Wenehana tandha √ (centang) jroning kolom sing kokpilih

No	Pratélan / Pernyataan	Bener	Salah
A.	Sawise namatake ing sekolah dhasar Soewardi banjur nerusake ig sekolah dhokter		
B.	Krana Soewardi nandhang gerah mulane sekolahe dhokter Bumiputra ora bisa tamat		
C.	Merga ngiritik pemerintahan Walanda Soewardi akhire dikunjara ing Perancis		
	Tanggal kelairane Ki Hajar Dewantara 2 Mei ditetepake hari Pendidikan Nasional		

Soal Njodhokake!

Wacanen wacan ing ngsor iki kanggo soal nomer 20-25!

Raden Ajeng Kartini miyos tanggal 21 April 1879 ing Jepara. Jawa Tengah. Panjenengane klebu golongan kaum bangsawan, jalaran Raden Ajeng Kartini putrane bupati Jepara kang asmane Raden Mas Adipati Ario Sosrodiningrat lan ibune asma M.A. Ngasira. Raden Ajeng Kartini kuwi putra pembarep, kagungan adhi loro yaiku Raden Ajeng Kardinah lan Raden Ajeng Rukmini.

Raden Ajeng Kartini sekolah ana ing ELS (Europese Lagere School) Ing pasinon piyambake klebu murid sing sregep. Sasuwene sinau ing ELS ug nyinaoni basa Walanda, mula Raden Ajeng Kartini bisa nguwasani basa Walanda kanthi becik. Nanging emane, sawise umur 12 taun Kartini kudu ninggalake pamulangan, jalaran kudu dipinggit. Raden Ajeng Kartini nelangsa banget. Arep nulak ora wani, piyambake wedi diarani ora ngerti adat. Kabeh mau dilakoni kanthi susahing ati. Kanggo nglipur ati> Kartini nglumpukake buku-buku pelajaran lan buku pengetahuan umum kanggo wacan nalika dina-dinane krasa sepi. Saben dina pegaweane maca lan maca kanthi dkncani abdi kinsihe.

Tanggal 13 September 1904 Raden Ajeng Kartini mbabarake putra kakung sing diparing jeneng Soesalit Djoyoadiningrat. Tanggal 17 September 1904 Raden Ajeng Kartini seda ing yuswa 25 taun. Ndeleng semangate Raden Ajeng Kartini , taun 1912 ing Semarang didegake Sekolah Wanita dengan Yayasan Kartini sing dipimpin dening kulawarga Van Deventer. Banjur kasusul ing Surabaya, Madiun, Cirebon lan daerah-daerah liyane. Sasedane Raden Ajeng Kartini, Mr. J.H. Abendanon nglumpukake surat-surat sing tau dikirimake Raden Ajeng Kartini marang kanca-kancane sing ana ing Eropa lan didadekake buku.

Buku kasebut diwenehi irah-irahan “Door Duisternis Totight sing teese “Habis Gelap terbitlah Terang” Para wanita Indonesia wis padha maju, pendhidhikan akeh sing dhuwur, pegaweane sejajar karo para priya, Kabeh mau ora liya amarga kena daya semangate Raden Ajeng Kartini ide, gegayuhan, lan semangate Raden Ajeng Kartini didadekake inspirasi, dituladha dening wanit Indonesi supaya dadi wong pinter, pinunjul, nanging ora ninggalake kodrat kadidene wanita.

20. Jodhokno ngenani pangertene wujud tembung ing ngisor iki!

Tembung Lingga	Tembung loro sing digabung dadi siji banjur dadi teges anyar
Tembung Andhahan	Tembung lingga sing diucapake kaping pindhho utawa dhobel
Tembung Rangkep	Tembung sing wis owah saka asale
Tembung Camboran	Tembung sing durung owah saka asale

21. Jodhokno wujud tembang ing sisih kiw karo ing sisih tengene!

Tembung Lingga	miyos, dipimpin
Mung nggunakake ater ater	putrane, piambake
Mung nggunakake panambang	pamulangan, nglumpukake
Ngunakake ater-ater lan panambang	sinau, umur, ngerti

22. Jodhokna tegese tembung-tembun sisih kiwa karo sisih tengene !

Miyos	anak nomer 1
Pembarep	dicono
Mbabarake	nglairake
Dituladha	kayadene
Kadidene	lair

23. Jodhokno pangertene struktur teks tokoh idhola karo pranyatan sisih tengene !

Orientasi	Andharan ngenani idhentitase tokoh, kayata jeneng, papan lan tanggal, panguripane nalik isih cilik, keluargane lan sapanunggalane.
Kedadean lan masalah	Nggandarake kedadeyan, kahanan, prestasi, lelabuhan lan masalah kang manjila sing tau dialami dening tokoh kasebut kang kena didadekake patuladhan tumrape wong liya.
Reorientasi	Andharan lan pamawase (pendhapat) penulis marang tokoh sing dicritakake, kayata keluwihan sing diduweni bab-bab sing patut ditiru, lan alesan ngidholakake tokoh kasebut.

24. Jodhokno pratelan ing ngisor iki miturute strukture tokoh idhola!

Orientasi	Raden ajeng kartini miyos tanggal 21 April ing Jepara Jawa Tengah
Kedadean lan Masalah	Sasuwene sinau ing ELS Raden Ajeng Kartini wis bisa nguwasani basa Walanda Kanthi becik
Reorientasi	Krana perjuwangane Raden Ajeng Kartini para wanita Indonesia bisa sejajar karo kaum priya

25. Sebutna tokoh –tokoh sing ana crita ing ndhuwur lan kepiye watake!

26. Jenise sandhangan iku ana

- A. Siji
- B. Loro
- C. Telu
- D. Papat

